

splash!

quick facts on...

Konsèvasyon Dlo

KONMAN OU KA EDE SOVÉ TI REZÈV DLO KI RETE NAN FLORIDA LA?

23, ME, 2001

The South Florida Water Management District

se youn ajans gouvenman ki responsab dlo nan rejyon pati sid Florid-la. Genyen senk ajans konsa nan eta Florid-la, se li ki la pi lontan e se li ki pi gwo.

Misyon ajans sa-a se pou-l administre e pwoteje resous dlo nan rejyon nou-an, sa vle di distribve dlo-a egal ego, kenbe bonn kalite dlo-a, e kontrole dlo-a sitou nan inodasyon, nan sistèm naturel-li e nan distribisyon-l nan tout sid Florid-la.

NOTE

Fason n'ap viv nan Florid la depann de ampil dlo avèk yon dlo ki pròp.

Kan ou kòmanse li 50 manyè pou konsève dlo yo, ou ap wè ké ampil nan sa yo sé bagay ki fè ampil sans, é lot yo itilizé nouvo teknoloji.. An tou ka, tout bagay necesè pou a ka genyen ase dlo pou ou viv, é pou ti moun ou yo avèk pitit yo. Li trè empòtan ke nou konnen ki jan pou nou travay ansanm pou protèje resous dlo yo.



Rezèv Dlo Andedan Kay

1. Pa janm jete dlo lè ou ka fè yon lòt bagay avèk li tankou wouze yon plant yon jaden, osinon netwaye yon bagay.

2. Verifye si pa gen kote dlo ap koule paske, gen kote dlo ap koule ou ka pa wè sa. Tcheke kontè dlo-a avan e apre 2 è de tan

pandan dlo-a fèmen. Si kontè dlo-a pa sou menm chif la sè ke dlo-a ap koule yon kote.

3. Fè repare tiyo ki kontinye ap koule lè-w fèmen yo. Si dlo-a ap koule yon gout pa sekond ou mèt pare pou-w gaspiye 2,700 gallon pa ane, sa ap vin ogmante tout bil dlo lakay ou e, li ka deranje sistèm twou egou-a.

4. Nan twalèt la, ou ka tcheke si dlo ap koule lè-w mete "food coloring" nan tank dlo-a. Si twalèt la koule, nan 30 minit wap wè food coloring la parèt anba nan bòl twalèt la. Fè tcheke tout pyès yo pou wè si yo pa gate. Pi fò pyès yo fasil pou ranplase e yo pa koute chè. (Lè-w fin fè tès sa, flòche tout suit pou food coloring la pa deten-n tank la.)

5. Eseye pa flòch twalèt la pou anyen. Si-w gen yon ti papye osinon nenpòt lòt ti bagay pou-w ta jete, jete-l nan fatra pito.

6. Fè yo fikse tank nan twalèt la yon jan pou-w pa itilize anpil dlo pou yon flòch. Kèlke swa sa yo mete-a, pa kite-l ap fwote avèk oken-n lòt pyès. Lè wap ranplase tank twalèt la, achte youn ki kenbe mwaye dlo sa ansyen modèl yo kon-n kenbe. Gen plizyè kote la lwa mande ti modèl sa yo menm.

7. Lè wap benyen, pa mize twòp anba dlo-a. Gen yon tèt douch ki gen ajisteman. Yo pi bon pase pou-w ap monte desan-n wobinèt tiyo-a.

8. Lè wap benyen nan tòb la, evite gaspiye twòp dlo. Fèmen tòb la avan, ansuit plen-l sèlman 1/3. Kite dlo frèt la koule, pa jete-l. Wa ajoute dlo cho ladanl.

9. Lè wap fè bab osinon wap lave figi-w, pa kite dlo-a ap koule san rete. Bwose dan-w pandan dlo-a ap chofe. Plen ti lavabo-a, apre wa rensè.

10. Gen tèt tiyo ki gaspiye dlo. Ranplase yo ak lòt tèt tiyo ki pa koule twò vit.

11. Machin ki lave asyèt avèk machin ki lave rad, se lè yo plen pou-w opere yo. Epi se pou-w mete dlo pa rapò avèk kantite bagay wap lave-a.

12. Lè wap lave asyèt a la men, ranpli yon lavabo avèk dlo savon. Wa rensè anba tiyo-a avèk yon ti dlo kap koule dousman.

13. Mete galon dlo nan frijidè-a olie wap koule dlo tiyo pou-l vin frèt lè-w bezwen yon ti dlo.

14. Pa koule dlo sou vian-n pou-w dejele yo. Mete vian-n la anba frijidè-a depi nan aswè, osinon itilize maykwowev-la.

15. Ti machin ki moulen fatra anba lavabo-a, nan kwizin la. Li bezwen anpil dlo pou li fonksyone byen. Eseye jete kras manje yo yon kote apa. Si-w mete ti sache fatra nan lavabo-a li ka ajoute 50% gwo kras manje e sa ka bay pwoblèm pou lavabo-a mache byen.

16. Ou ka fè mete yon aparèy pou chofe dlo nan lavabo kwizin la, pou-w pa bezwen kite dlo-a ap koule avan li vin cho. Sa ka desan bil chofaj lakay ou.

17. Mete ensilasyon nan fè tiyo yo. Wap jwen dlo cho pi vit. Ou pap bezwen kite dlo ap koule pou-l vin cho.

18. Pa jamè enstale yon ponp ki sèvi de dlo a air pou-w chofe. Toujou pran ponp air a air paske yo pa gaspiye dlo.

19. Enstale aparèy pou fè dlo koule dous sèlman si li nesèsè. Wap konsève plis dlo avèk sèl lè-w sèvi avèk minimòm la. Lè-w an vakans, eten-n aparèy yo.

20. Tcheke ponp ou. Si ou gen sitèn tande pou-w wè si li ap limen eten-n lè dlo pap koule. Si li fè sa, gen dlo kap koule yon kote.

21. Lè wap ajiste temperati dlo-a pa ouvèl fò pito-w desan li. Si dlo a twò cho osinon twò frèt desan lòt la olie pou-w ap monte youn pou-w balanse temperati-a.

22. Si manch twalèt la bloke lè wap flòche lap lakòz ou gaspiye ampil dlo. Chèche ajiste-l osinon ramplase-l.

bewatersmart
EVERY
DROP COUNTS!



Rezèw Dlo Deyò Nan Lakou

23. Pa mouye gazon-an twòp. An jeneral se pou-w wouze gazon-an chak 5 a 7 jou an ete e chak 10 a 14 jou an iver. Si yon bèl lapli tombe ou pap bezwen wouze pandan 2 semen-n. Plante avèk entelijans, Xeriscape. Xeriscape landscaping se yon bon fason pou planifye, enstale e kenbe sistèm irigasyon ak fason ou plante ki ka fè-w ekonomize lajan ak dlo. Si-w bezwen yon kopi ti liv sa, yon ti gid sou Xeriscape landscaping kontakte Water Management District.

24. Wouze gazon an lè maten bonè lè tanperati-a ba. Sa lakòz li pa evapore fasil.

25. Pa wouze la ri-a, trotwa osinon driveway-a. Ranje arozwa yo pou dlo a tombe sou gazon an pa sou siman.

26 Enstale awozwa ki ka ekonomize anpil dlo. Ti arozwa yo rele soaker hoses yo trè efikas.

27. Toujou tcheke sistèm awozaj yo. Pou wè si yo mache byen. Konn ye la se yon lwa pou-w enstale yon sistèm kote lè la pli tombe ampil li pap rouze otomatikman. Pou-w fè tcheke sistèm pa-w la, rele yon profesyonèl.

28. Leve razwa machin ou koupe zèb la a 3 pous. Lè yon gazon koupe wo li bay rasin yo chans pou yo pouse byen, li kembe tè-a pi byen ke yon gazon ki koupe ba.

29. Pa mete twòp fèmantasyon nan gazon-an. Plis ou mete, plis dlo wap bezwen. Mete fèmantasyon ki degaje pwodui chimik yo pi lantman.

30. Mete ti kal bwa ki rele mòlch la. Li kembe tè ya fre epi li kontwole lòt vye zèb kap souse dlo nan gazon-an.

31. Plante pye bwa ki natif peyi-a. Lè yo fin pouse yo ka reziste pi fasil san dlo pase yon lòt plant. Mete yo an gwoup dapre mezi dlo yo bezwen.

32. Pa wouze twotwa osinon driveway. Sevi avèk yon bale pou-w netwaye fèy ki tombe. Zafè wouze twotwa-a ka gaspiye anpil galon dlo.

33. Mete yon tèt nan kawotchou-a ki ka ajiste pou bay yon ti dlo fen pou dlo-a ka koule mezi ou bezwen. Lè-w fini femèn dlo-a nan wobinèt la pou dlo pa koule.

34. Toujou mete ti washer nan kawotchou yo pou dlo pa koule an ven.

35. Pa jan-m kite yo ouvè san moun pa la. Yo ka gaspiye o mwen 600 galon dlo nan 2-3 è de tan. Gen yon ti aparèy ki ka fè-w sonje pou-w eten-n li.

36. Tcheke tout kawotchou yo ak koneksyon yo de tan zan tan.

37. Lave machin ou nan car wash. Si-w vle lave-l lakay ou, lave-l sou gazon-an.

38. Eseye pa mete bèbèl ki sevi ak dlo tankou fontèn, si dlo-a pa resikle. Mete yo nan lonbraj kote dlo-a pap evapore fasil.

39. Si-w gen pisin la kay ou. Mete filtè kap fè-w ekonomize dlo. Yon sèl flòch ak yon filtè nomal ka itilize 180 a 250 galon dlo.



Mwayen Pou Rezève Dlo An Jeneral

40. Edike ti moun yo sou fason yo konsève dlo. Pa achete ti jwèt ki sevi ak dlo.

41. Toujou pran konsyans de règleman sou konsèvasyon dlo ki egziste nan katye ou abite-a.

42. Ankouraje bès travay ou pou pale de konsèvasyon dlo. Di-l li ka pale de konsèvasyon dlo nan ti liv de oryantasyon sou travay la.

43. Sipòte biznis ki pratike konsèvasyon dlo.

44. Rapòte tout ti pwoblèm dlo kap koule bay bès la, mèt konpanyi-an, otorite lokal yo osinon Water Management District nan zòn ou-a.

45. Ankouraje sistèm lekòl ou avèk gouvènman lokal yo pou yo devlope pwogram sou konsèvasyon dlo pou ti moun e gran moun.

46. Sipòte pwojè ki ka sevi ak dlo kap gaspiye pou yo fè irigasyon ak lòt bagay.

47. Sipòte efò ak pwogram sou konsèvasyon dlo ak touris e vizitè nan eta kote ou rete-a. Fè yo kompran bezwen ak benefis ki genyen nan konsèvasyon dlo.

48. Ankouraje zanmi ak vwazen-w pou yo fè pati on kominote ki gen konsyans sou koze konsèvasyon dlo. Ankouraje pase nouvel la nan ti jounal kiltirèl yo epi trase egzamp.

49. Konsève dlo paske se yon bon bagay pou fè. Pa gaspiye dlo-a paske se yon lòt moun kap peye bil la tankou lè-w nan lotèl.

50. Eseye fè yon bagay pa jou ki ka konsève dlo. Pa gade sou konbyen ou ka ekonomize. Chak ti gout konte. Chak moun ka fè yon diferans. Pale zanmi-w ak vwazen-w pou yo femèn wobinèt la epi kite-l femèn. Dlo-a se san peyi Florida. Pa senyen-l twòp.

POU TOUT LÒT ENFÒMASYON, VISITÉ NOU NAN INTÈNÈT OSINON TELEFONÉ
South Florida Water Management District
1-800-662-8876 www.sfwmd.gov



AF 5/25/01

sfwmd.gov

South Florida Water Management District
3301 Gun Club Road
West Palm Beach, Florida 33406
561-686-8800 • FL WATS 800-432-2045
www.sfwmd.gov

MAILING ADDRESS: P.O. Box 24680
West Palm Beach, FL 33416-4680

SERVICE CENTERS

Big Cypress Basin
941-597-1505
Broward
954-713-3200
Fort Myers
941-338-2929 or 800-248-1201
Florida Keys
305-289-2739 or 800-464-5067

Martin/St. Lucie
561-223-2600 or 800-250-4100
Miami/Dade
305-377-7274 or 800-250-4300
Okeechobee
863-462-5260 or 800-250-4200
Orlando
407-858-6100 or 800-250-4250
Palm Beach
561-682-6302 or 800-432-2045 ext. 6302